**Lan mooy mbëggéél?**

Dibéér 23 fan ci weeru Ut ci atum 2015

**********************
**********************

Li la yëngal, ba ngay sopp nit,
lu fa nekkoon loo yëgagulwoon la
wala,
looy yëg lu fa nekkulwoon la
wala,
looy yëgandi loo dootul man tekki la?
Lan mooy mbëggéél?

Li la ne *cas*, ba sa xol fëx,
lu sa ruu xamoon di ko door a jox sa yaram la
wala?
Fu mbëggéél gi jógé?
Ci yaw miy bëgg?
Wala ci ki ngay yëg ne bëgg nga ko?
Lan mooy mbëggéél?

Li fob sa-m xel, ba nga ne *xeww*
ba suukër di la saf xorom
meew di la saf laaj
loo namm a dund ci ragal ñàkk ko la
wala,
loo jàpp ne am nga ko te ragal mu rëcc la la?
Lan mooy mbëggéél?

Li la ganesi, nga tàggoo ak sa sago
te bëggoo mu tàggoo ak yaw
ndax sa-b sag a ci xaj,
lu bees la luy bëgg a miin
wala,
lu yàgg la luy yeesal boppam ci jeneen jamono?
Lan mooy mbëggéél?

Li ngay yëg te manoo ko tekkil sa bopp,
ndax wax jeexalul la mu wundu,
lees di wax la ngir mu nekk
wala,
lu jarul wax la ndax dëgg-ug nekkam
wala leneen la?
Lan mooy mbëggéél?

Ki nga tànn ba bëgg a fob sa xol dénk ko kersaam,
yaa ko bëgg, wala
moom nga bëgg, wala
bëgg nga ko, wala
danga ko bëgg, wala
moom ngay bëgg, wala?
Lan mooy mbëggéél?

**Mor Gueye**
**Urbana, diwaanu Illinois, Amerik. Dibéér 23, Ut, 2015**